тельский Дом “Нева”, М.: “ОЛМА-ПРЕСС”, 2003. С.40;186;161;217. 480.
4. Уллмен Ж. Журналисткие расследовния: современнее методы и техника.Пер.с англ. М.:Виоланта.1998. С.12.
5. Маматова Я. Сулаймонова С. Ҳақиқат излаб: Ўзбекистонда журналист суриштирувининг самарадорлик омиллари. -Т.: Extremum-Press. 2015. Б.8; 18
6. Кримски Ж. Репортаж материалларнинг ёзилиши ва таҳрир қилиниши асослари. Тошкент. 2003. Б.135.
7. Лазутина Г.В. Основы творческой деятельности журналиста.-М:Аспект Пресс,2000. С.162. −480.
8. Глобалласыў процесси ҳәм ғалаба хабар қураллары хызмети. Илимий мийнетлер топламы. Н.:ҚДУ. Б.197. −260.
9. Ихтисослашган журналистика. IX Жилд.Т.: “O`zbekiston” НМИУ, 2019. Б.140-141. −784.

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада журналистик суриштирув жанри назарияси ва унинг таснифи ҳақида сўз юритилди. Шунингдек, тақриз жанрининг телевидениеда намоён бўлиши мисоллар билан илмий асослаб берилди.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье речь идет о теории жанра журналистского расследования и его классификации. Также было научно обосновано на примерах проявление жанра рецензии на телевидении.

**SUMMARY.** This article deals with the theory of the genre of journalistic investigation and its classification. Besides, the article was also scientifically substantiated based on examples of the manifestation of the genre of review on television.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ПРОЗАСЫНДА ГҮРРИҢ ЖАНРЫНДА ДЕТЕКТИВ ФОРМАЛАРДЫҢ БЕРИЛИЎИ

**З.Алламуратова –** *филология илимлери бойынша философия докторы*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** адабиёт, жанр, детектив, сюжет, ҳажвий сюжет, ҳикоя.
**Ключевые слова:** литература, жанр, детектив, сюжет, комический сюжет, повесть.
**Key words:** literature, genre, detective story, plot, comic plot, story.

Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасында ҳәзирги заманның актуаль мәселелерин сәўлелендиретуғын шығармалар, әсиресе, оператив жанр болған гүрриңлердиң идеялық - тематикалық жақтан раўажланғанын көриўге болады. Усы дәўир гүрриңлердиң баслы тематикасы ҳәр тәреплеме жетилискен кәмил инсан образын жасаў, адам баласының тәғдир соқпақларындағы түрлише ис-ҳәрекетлерин, әдеп-икрамлылық, адамгершилик қәсийетлерин, жаманлықтан жийиркениў, нәпси бәлесине жолығыўдың унамсыз ақыбетлери ҳәм т.б. мәселелерге бағышланған. Бул дәўирдеги гүрриңлер тематикасында инсанның тиришилик ҳаққындағы ғалма-ғаллары, өмирдиң қарама-қарсылықлы соқпақлары, бала-шаға бағыў жолындағы талпынyслары, үйди-үй етиўдеги ҳаялдың орны, ата-ананың кең қәлби, муҳаббат жолында алжасқан ҳаял-қызлар тәғдири, перзент тәрбиясы мәселелери, балалықтағы ерси қылықлар, жаманлық ҳәм жақсылықтың гүреслери, ийман-инсап, ҳақыйқатгөйлик ҳәм т.б. толып атырған мәселелерде ортаға қойылып, шеберлик пенен ҳәр тәреплеме көркем сәўлелениў тапқан.

Ғәрезсизлик дәўириндеги гүрриңлер бойынша өзиниң илимий жумысын алып барған З.Қытайбекова гүрриң жанрының ғәрезсизлик дәўириндеги раўажланыў бағдарларына таллаў жасай отырып, оларды төмендегидей тематикаларға бөлип үйренеди:

1. Дәўир ҳақыйқатлығын, турмыс шынлығын ҳәм өмирдиң ҳәр қыйлы машқалаларын сүўретлеўге арналған гүрриңлер;
2. Туўылған жер ҳәм Ўатан темасын сәўлелендириўге арналғангүрриңлер;
3. Әдеп-икрамлылық, жоқары адамгершилик, кәмил инсан образын сәўлелендириўге арналған гүрриңлер;
4. Муҳаббат темасына арналған гүрриңлер:
5. Ышқы-муҳаббат, опалы яр,перзент дағы, ҳижран азаплары, айралық дәртлери ҳәм т.б.;
6. Екинши жәҳән урысының трагедиялық ақыбетлерин сүўретлеўгеарналған гүрриңлер;
7. Сатиралық, тымсаллық ҳәм фантастикалық бағдардағы жазылғангүрриңлер;
8. Тарийхый, автобиографиялық, мемуарлық бағдардағы гүрриңлер [2].

Тағы да усы ғәрезсизлик жылларында жәрияланған гүрриңлер ҳаққында илимпаз П.Алламбергенова «Терең идеялы, көркем гүрриңлер керек» деген әдебий сынлық мақаласы жарық көрди. Онда автор былай жазады: «1990-жылы «Әмиўдәрья» журналы гүрриңлерди жәриялаў бойынша бир қанша табысларға ерискен сыяқлы. Өйткени аўдармалардан тысқары онлаған гүрриңлер жәрияланды. Ең баслысы, булардың көпшилиги жас талант ийелериниң дөретпелери болып, ҳәр қыйлы тематиканы қамтыйды. Соның ушын да биз жәрияланған гүрриңлерди төмендегише бөлип қараўды орынлы деп ойлаймыз:

1. Ҳәзирги ўақыттың мәселелерин сөз етиўши гүрриңлер;
2. Уллы Ўатандарлық урыс темасына байланыслы гүрриңлер;
3. Муҳаббат темасына байланыслы гүрриңлер;
4. Сатиралық, тымсаллық бағдарда жазылған гүрриңлер [1:78] деп гүрриңлерди бир неше тематикаға бөлип көрсетеди.

Усы жерде жоқарыда биз сөз еткен илимпазлардың пикирлерине ҳәм олардың тематикалық жақтан бөлиниўлерине қосылған ҳалда ғәрезсизликтен кейин дөретилип, гүрриңлерди тематикалық жақтан тағы да байытып жәрияланған детектив гүрриңлер ҳаққында сөз етиўди мақул көрдик. Детектив гүрриңлердиң мазмунында тийкарынан жынаят жүз береди, сол жынаятты ашыў ушын гүрриң қаҳраманларының алып барған ҳәр қыйлы ҳәрекетлери, толғанıслары, екилениўлери сөз етилип барылады. Бундай мазмундағы гүрриңлерди дөретиўде белгили шайыр, жазыўшы, отставкадағы подполковник Жуманияз Өтениязов елимизде ғәрезсизликти беккемлеў дәўиринде ишки ислер органлары хызметкерлериниң жынаятшылыққа қарсы гүреслерин сәўлелендириўши бир қанша гүрриңлер дөретти.

Дүньяда адамзаттың еки дүньясы, яғный материаллық ҳәм руўхый дүньясы бар болатуғын болса, екеўинде барабар теңсалмақлылық болыўы керек. Егер материаллық тәрепи күшейип кетсе, онда инсанның психологиясы өзгереди. Мине усы сыяқлы жәмийетимизде өзиниң инсаныйлығынан айрылған, олардың өзлериниң туўры жолдан шығып кетиўине себепши болған спиртли ишимликлер, нәшебентлик сыяқлы унамсыз иллетлердиң жәмийетимизде көп ушырасатуғынын жазыўшы өзиниң детектив гүрриңлеринде өз сәўлелениўин тапқан. Жуманияз Өтениязовтың «Урланған сейф» китабында жоқарыда биз сөз еткен мазмундағы детектив гүрриңлер жыйнағы топланған болып есапланады. Яғный топламда бир неше гүрриңлер киргизилген болып, олардың дерлик көпшилигинде жынаят иси қозғатылып олардан оқыўшылар өзлерине керекли жуўмақ шығарып, дәўир талабы болған сергекликке шақырылады.

Жазыўшы **«Урланған сейф»** гүрриңинде жынайый ўақыялардың жүз бериўин былайынша баянлайды: «Буннан он жети күн бурын бесинши октябрь күни түнде, усы мәкеме айлыққа банктен нақ пул алған күни

кеште есапшылар ханасының сейфинде еки жүз елиў мың сом пул қалған. Ертеңине азанда кассир жумысқа келсе кабинеттеги пул салынған кишкене сейф жоқ болып шығады. Сейфти районлық ишки ислер бөлими хызметкерлери мәкемеден еки жүз метрдей қашықлықта аўзы ашық жатқан жеринен таўып алады. Пулды алып, сейфти бир салманың терең жерине жасырып, қағазларды өртеп кеткен жынаятшылар белгисиз еди» [4:47].

Шығарманың буннан кейинги ўақыялары усы жынаяттың ашылыўы ушын жынаят қыдырыў бөлим хызметкерлери болған: Қабыл, Айтбай ҳәм олардың жәрдемшилери әтирапындағы ҳәрекетлери менен раўажланып барады. Қабылдың жынаят орнын көзден өткериўи нәтийжесинде: Пул салынған кассаның әйнек-қапысы сынбаған, сейфти әйнектен шығарып алып кеткенин, сейфте, әйнекте, қол таңбалар, из жоқ. Әйнектиң илдиргишлери төменнен ҳәм жоқарыдан мықлы услап тур. Сыртта турып әйнекти сындырмай яки көзлерин алмай илдиргишти ашыў мүмкин емес еди. Демек, ким де болса әйнектиң илдиргишин күндиз иштен ашып кеткен… Қыстың күни болғанлықтан еле әйнек ашылмаған пахта салып бекитилген еди. Иштеги биреў пулды алыў мақсетинде усы ҳәрекетлерди ислеген. Ол ким?...

Бул жердеги шамалаўлар жынаятты ашыў барысындағы дәслепки қәдемлер еди ҳәм дурыс қәдем қойғанын жазыўшы исенимли сүўретлеп береди.

Қабыллардың гүманы, сезиўи бойынша урыларға иштеги есапшылардан биреўи жәрдем берген. Себеби, иштен турып жәрдем берилмегенде бул жынаят бундай тақылетте алып барылыўы мүмкин емес еди. Есапшылар ханасында тек бас бухгалтер ҳәм кассир қыз отырады. Қайсысы әйнекти ашып кетиўи мүмкин. Кассир қыз мәкеме баслығының қызы. Оннан гүманланыў орынсыз. Сонда бул исте қолы бар бас бухгалтер болыўы керек пе деген сораўлар әтирапында бас қатырады.

Халқымызда даналық сөз бар: «Адамның ким екенлигин билгиң келсе әтирапындағы досларына қара» деген. Бас бухгалтер бурын судланбаған, абыройлы адамның баласы бола тура мектепте бирге оқыған бурын избе-из мал урлап сатып, бес жылға қамалып шыққан Қыдырнияз бенен жақыннан қатнасығы орган хызметкерлеринде гүман туўдырады. Бул гүманы бийкар кетпейди, ырасында да мәкемедеги сейф урылары усы жерде нешше жыл хызмет ислеп, усы жердиң нанын жеген бас бухгалтер Сапарбай ҳәм жорасы Қыдырнияз еди. Сапарбайды жолдан шығарған жорасы бир тәрептен Қыдырнияз болса, екинши тәрептен оның ишиўшиликке берилип өзине ылайықлы туўры жолды таңлай алмаўында еди.

Дәслеп Сапарбай қолға түсип қалғанын билген шериги яғный жорасы Қыдырнияз қашып кетеди. Оны услаў ушын да Қабыл сезгирлилиги ҳәм шаққанлығы менен ҳәрекет етиў арқалы қолға түсириўге ериседи. Жынаятшыны қолға түсириўдиң бирден бир жолы сыпатында оның үйинде оны аңылып жатыўы. Қашан болса да үйиндегилерге хабарласады деген исеними еди. Ырасында да Қыдырнияздың үйинде түнги саат үшлердиң ўақтында телефон «шыр-шыр» етти, трубканы көтерген Қабыл үндемей тыңлап турды: -Алло, алло! Сәнем неге үндемейсең? Маған өкпелеме, Сәнем!-Қыдырнияз ҳаялын ашыўланып тур деп ойлаған еди. Сол қоңыраў келген аймақтың, үйдиң адресин АТС арқалы анықлап тез ўақыттың ишинде Қыдырнияз усланады.

Бул детектив гүрриңде халқымызда бурыннан киятырған «бир көзиң екиншисине душпан» деген даналықтың дурыс айтылғанлығына тағы бир мәртебе исенемиз. Себеби, шығармадағы сейф урысы сол мәкемеде нешше жылдан бери мийнет ислеп сол жердиң нанын жеп, басшылардың исенимине кирип бас есапшы дәрежесине шекем көтерилген Сапарбайдың сырттан адам алып келип оның менен өзи ислеп атырған мәкемесин тонаўы арқалы оқыўшыларда оған деген жек көриўшилик сезимлерин оята алады. Оның келте ойлылығы, ақылсызлығы өмирин пүткиллей өзгертип жибергенликлерин шебер сүўретлеп бере алған.

**«ЦИПЯО»** гүрриңинде болса ўақыя өли денениң суў бетине қалқып шығып, оны сол жерде шомылып атырған балалардың шуўласыўы менен басланады. Демек буннан ке йинги гүрриңниң ўақыясы бул өли денениң ким екенлиги ол қалайынша суўға түсип кеткен ҳәм тағы басқа да жынаятқа байланыслы сораўлар дөгерегинде болады. Сол суўдан табылған өли денедеги айрықша белги яғный жынаят қыдырыў бөлими хызметкерлери ушын тийкарғы дерек сыпатында қаралатуғын денениң оң ийнинде ийне менен таңбаланып жазылған «ЦИПЯО» деген тери ишиндеги жазыў дыққаттан шетте қалмады. Бул жынаят бойынша қыдырыў жумысларын алып барып атырған Махмуд бул жынаятты ашыў ушын буннан алдын өзи ашқан жынайый жумысларындағы усыған уқсас ҳалатларды көз алдына келтирип олардан тәжирийбе сыпатында пайдаланыўды мақсет еткен болса керек сол ўақыяларды бир мәрте еске түсиреди. Махмуд буннан бес жыл бурын да «Қуўанышжарма» каналының Халқабад қаласы тусынан Қурбан деген жигиттиң де өли денеси шығады, усы жынаяттың ашылыўында сол денениң табылған орнына жақын аралықта оқтың атылған орны анықланды, бул жерде писенди оқлағанда тығын қағазға ручка менен жазылған «….муратов» деген оқыўшының қолтаңбасы бар дәптер жуллықлары жыңғыллардың түбинде шашылып атыр еди. Демек усы жынаяттың ашылыўында усы қағаз жуллықлары «деталь» хызметин атқарып жынаяттың ашылыўын исенимли сүўретлеп береди. Сол гезлери жынаяттың ашылыўына қағаздағы жазыў себепши болып еди, енди денедеги жазыў жәрдем етпес пе екен? Деген қыяллар менен «ЦИПЯО» деген жазыў ойынан ҳеш кетпеди. Ол Шымбайға келгенде марҳум жигиттиң ким екенлиги анықланған еди, суўдан шыққан Қалбай Жумаев болып усы қалада жасағанлығы мәлим болады. Бирақ оны таныйтуғын таныс-билислеринен, ағайын-туўған-ларынан сораў жуўап өткергени менен оны өлтиргендей душпаны болмаған сыяқлы.

Енди усы денесине жазылған жазыў бойынша жумыс алып барады. Қалбайдың Қазақстанның кең ўәлаятларының биринде ядролық қуралларды сынаў полигонында хызмет еткенин «ЦИПЯО» дегенниң мәниси «Центральный испытательный полигон ядерного оружия» екенлигин анықлайды. Енди жынаятты қыдырыўшы Махмуд Қалбайдың кейинги күнлери ким менен жақын қарым-қатнаста болғанлықларын анықластырса өткен базар күни Бахыт деген жорасы менен арақ ишип мәс болып жүргенин көргенлер айтады. Олар базарда бирге арақ ишип пуллары таўсылған соң екеўи Бахыттың үйине барып арақ ишиўин даўам етеди, тағы да жетпей қалған соң Бахыт тағы да арақ әкелиў ушын бир жерлерге кетеди айланып келсе Қалбай далада жүрген екен. Олар тағы да жаптың бойына барып арақ ишип атырған гезлери Бахыттың қарындасы келип үйинде турған алтынларын Қалбайдың алып кеткенлигин айтады. Ырасындада сол затлар Қалбайдың қалтасында томпайып турған еди. Ал, Қалбай болса оған дәпинип сени пышақ әкелип өлтиремен деп доқ урады. Түнде Бахыт уйқылап атырса тысырлап биреўдиң киятырғанынан оянып кетеди, ол бунын ким екенлигин сезеди ҳәм аттың темир қазығын алып, жақынлап қалған Қалбайдың басына бир урып

жығады. Оның ессиз қалғанын көрип оны сүйреп Кегейли каналына таслап жибереди.

Мине гүрриң ўақыялары усылай шешиледи.

**«Француз әтириниң ийиси»** гүрриңинде жәмийетимизде көп ушырасатуғын тонаўшылық жынаятын баянлап бериўге ҳәм ондағы образлардың исенимли сүўретлениўине ерисе алған. Гүрриңдеги тонаўшылық ўақыясы былай баянланады: Әлийма Арқа автовокзалдың жанында, өз үйине баратуғын көшениң басына автобустан түсип қалды. Ол ҳеш нәрседен хабарсыз жүрип баратырып, өзиниң изинде биреўдиң бираз тезлеў жүрип киятырғанын байқады. Көшеден ким жүрмейди? Ол дыққат аўдармастан жүрсе де өзине жүдә жақын келип қалған ер адамға бурылып қарап үлгерди. Спорт топпысын басып кийип алған бул адам шеп қолы менен Әлийманың норка малақайын басынан жулып алып, сол ўақытта асылмақшы болған оны оң қолы менен бир урып, қаша жөнелди. Үстинде көгис пахталы гүрте бар сыяқлы…. [4:138].

Буннан соң шығарма ўақыясы усы тонаўшылық жынаятының ашылыўы менен алып барылған ҳәрекетлер менен раўажландырылып барылады. Солай етип жазыўшы гүрриң ўақыяларында жынаяттың ашылыўын: Потруль-пост ротасының старшиналары Ғайбулла менен Жеткербайлар арқа автовокзалда өткен-кеткенлерди бақлап турып көк гүрти кийгени Наменбайға:- Наменбай жора, тақыр жерде буқпай-ақ қой, малақайды таўып бер…. Гүртиңниң дөгерегинен француз әтир суўының ийиси шығып тур. Сен малақайды қойныңа мыжымырлап тыққансаң. Мен бағана сениң ық жағында турып-ақ усы ийисти сезип сени иркттим. [4:139].

Демек, бул жерде жынаяттың ашылыўы ушын кишкене деталь сыпатында француз әтириниң ийисинен пайдаланыў арқалы-ақ үлкен бир жынаяттың ашылғанын жазыўшы шеберлик пенен сүўретлеп бергенлигиниң гүўасы боламыз. Мине бул жынаятты ашыўдағы жазыўшының шеберлиги, тапқырлығынан дерек береди.

Шеберлик – бул жазыўшының турмысты терең билиўи, халық өмирине қызғын араласыўы, адам характериниң түрли-түрли өзгешеликлерин билиў, түрли психологиялық ҳалатларды бастан кешириў, ҳәттеки көз бенен көриў негизиндеги үлкен излениўшиликлер менен пайда болады ҳәм раўажланады.

Және де бул оқыў, көп билиў, адамлар арасында болып, олар менен ҳаққеўилден сырласыў негизинде сәўлелениўи менен белгиленеди.

Ҳәр қандай гүрриңди жазыўда автордың биринши нәўбетте жынаяттың жүз бериў ҳалатын ҳәм олардың ашылыў, изертлениў жағдайларын терең билиў, тема ҳәм идеяның бирликтеги ашылыўы, форма менен мазмун бирлигиниң сақланыўы, сөзлерден дурыс пайдаланыў, ықшамлық, образлардың ашылыўындағы анықлық, сүўретлеўдиң шынлыққа тийкарланыўы, көркем шығармадағы бир пүтинлик, көркемликтиң жүзеге келиўи керек болады. Жазыўшы, мине, усылардың ҳәммесине итибар бериўи, турмысты терең билиўи, өзлестириўи арқалы шеберликтиң сырларын дөретиўшилигинде айқын қәлиплестирип барған. Буны биз Ж.Өтениязовтың жоқарыда биз талқыға алған ҳәр бир гүрриңинен көрип өтсек болады.

**Әдебиятлар**


1. Алламбергенова П. Терең идеялы, көркем гүрриңлер керек. // «Әмиўдәрья». – Нөкис: 1991. №10. 78-б.
2. Қытайбекова З. Мустақиллик даври қорақалпоқ ҳикояларининг поэтикаси. Дисс. (PhD) 2019.
3. Сагидуллаева Ж. Қарақалпақ повестьлеринде стильлик изленислер (1980-жыллар повестьлери мысалында). –Нөкис: 2010, 114-б.
4. Отениязов Ж. Урланған сейф. –Нөкис: 2022.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ прозасидаги ҳикоя жанрида детектив шаклларининг қўлланилиши кўриб чиқилади. Мустақиллик даврида қорақалпоқ адабиётининг йирик адиблари асарларидан мисоллар олинди.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается использование детективных форм в жанре повествования в каракалпакской прозе. В период независимости были взяты примеры из произведений великих писателей каракалпакской литературы.

**SUMMARY.** The article examines the use of detective forms in the narrative genre in Karakalpak prose. During the period of independence, examples were taken from the works of great writers of Karakalpak literature.


## ҚАРАҚАЛПАҚ БАЛАЛАР ПОЭЗИЯСЫНДА ҒӘРЕЗСИЗЛИК ЖЫЛЛАРЫНДАҒЫ ДИДАКТИКАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРДЫҢ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ


**Е.Атабаева** – *магистрант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** болалар поэзияси, тематика, дидактик қўшиқлар, дидактик ғоялар, ритмика, афоризмлар.

**Ключевые слова:** детская поэзия, темы, дидактические песни, дидактические идеи, ритмы, афоризмы.

**Key words:** children's poetry, themes, didactic songs, didactic ideas, rhythms, aphorisms.


Ғәрезсизлик жылларында қарақалпақ балалар поэзиясының тематикалық өзгешелигине қарай, шайырлардың қосықларының ритмикалық жақтан жаңлап турыўын, және тәрбиялық күшиниң үлкен әҳмийетке ийе екенлигин көремиз.

Бул поэзиялық шығармалардың тематикалық топарлары ишинде Дидактикалық қосықлар айрықша әҳмийетке ийе болып, өз алдына бир топар сыпатында ажыралып турады. Биз бул өзгешеликлерди қарақалпақ шайырларының көплеген қосықларында көрсек болады. Мәселен:

Дидактикалық тематикаға байланыслы Тәжетдийин Сейтжановтың «Ақылға салып адымла» қосығында:

Тил табысып әдептен,<br>
Адам менен адам бол.<br>
Еки жаман әдеттен,<br>
Ҳәр қашан да аман бол.

Ямаса «Асқынлаў төмен қаратар» қосығында:

Басқаны кем деп санама,<br>
Ақыллы шығар сеннен де,<br>
Адамнан адам қалама,<br>
Төрлемек болса тереңге [4:14].

Келтирилген қосық қатарларында даналық, ақылнәсият бериў мақсетинде жасларды өмирдеги ҳәр қыйлы қыйыншылықларға шыдаўға оларды жеңип қуўанышқа бөлениўге, турмыста қыйыр-шыйыр ўақыялар болатуғынлығын, биракта жаслардың сол қыйыншылықларды жеңип өз мақсетлерине ерисиўи ушын гүреске бел байлаўы керек екенлиги түсиникли түрде берилген. Жүзден жүйрик, мыңнан тулпар шыққанындай адамда бир-биринен зыят болып, оларды кемситиўге болмайтуғынлығын атап өтеди.

Ал, Толыбай Қабуловтың «Баламның баласына» қосығында:

Ҳеш қашан шекленбе,<br>
Келе бер расынан,<br>
Әлемде аўыр зат жоқ,<br>
Адамның гүнасынан.

Пайдалы жай излеме,<br>
Биреўдиң панасынан,<br>
Суў көрсең, сайыз деме,<br>
Кешпей сай-саласынан [3:3].

Көринип турғанындай, бул қосықта жаслардың билимли, дана болыўы тек олардың жеке мәпи ушын ғана